

# Varyòl senj lan: Q&A pou Kontak Sere



## Pandan konbyen tan mwen bezwen kontwole sentòm yo?

Tcheke sentòm yo pandan 21 jou apre dènye kontak sere ak moun ki gen varyòl senj lan.

## Konbyen fwa mwen ta dwe pran tanperati mwen?

Tcheke si w gen lafyèv de fwa pa jou (maten ak aswè).



## Ki sentòm m ta dwe chèche?

- Lafyèv  $\geq 100.4^{\circ}\text{F}$
- Frison
- Gangliyon lenfatik ki fèk anfle (toutotou kou a, anba bra oswa lenn)
- Nouvo gratèl po

## Kisa m ta dwe fè si lafyèv oswa gratèl la ta devlope?

Izole tèt ou imedyatman epi kontakte depatman sante lokal ou a.

## Kisa m ta dwe fè si se frison an ak enflamasyon gangliyon lenfatik yo ki devlope?

- Izole tèt ou pandan 24 èdtan epi kontwole tanperati w.
- Si w vin gen lafyèv la ak gratèl la, kontakte imedyatman depatman sante lokal ou a.
- Si w pa vin gen lafyèv oswa gratèl la, men frison oswa gangliyon lenfatik yo anfle toujou, kontakte yon founisè swen sante.

